

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif, nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 35), nyaéta panalungtikan anu mibanda kapentingan pikeun maham kana ma'na tina data anu nyamuni. Pon kitu deui, nurutkeun Fraenkel, spk. (dina Creswell, 2016, kc. 276), panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan anu midangkeun data dina wangun kekecapan atawa gambar tibatan angka.

Analisis ngagunakeun métode déskriptif, nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 357), dilakukeun ku cara milih data anu penting, anyar, sarta patali jeung rumusan masalah dina panalungtikan. Ieu métode ogé nganalisis dumasar kana sakumna data anu kakumpul ngaliwatan rupa-rupa téknik ngumpulkeun data, nyaéta obsérvasi, wawancara, dokuméntasi, jeung triangulasi.

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif pikeun ngadéskripsikeun paragraf anu ngandung kohési léksikal dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*. Aya sawatara léngkah anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta

- 1) idéntifikasi masalah;
- 2) nangtukeun rumusan masalah;
- 3) ngumpulkeun data;
- 4) analisis data; jeung
- 5) nyieun kacindekan.

Anu dipedar dina ieu panalungtikan téh nyaéta wujud pananda tina unggal wanda kohési léksikal anu ngawengku (1) sinonimi, (2) antonimi, (3) hiponimi, (4) kolokasi, (5) répétisi, jeung (6) ékuivalénsi. Dumasar kana pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif, ieu di handap dipidangkeun desain panalungtikan dina wangun bagan.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Sumber data panalungtikan ilaharna dibagi jadi tilu rupa, nyaéta *person*, *place*, jeung *paper* (Arikunto, 2019, kc. 172). Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh kaasup kana jenis data *paper*, anu nurutkeun Arikunto (2019, kc. 172), nyaéta sumber data anu midangkeun tanda-tanda mangrupa abjad, angka, gambar, atawa simbol lianna. Salian ti éta, nurutkeun Arikunto (2019, kc. 22), dina panalungtikan kualitatif téh tangtuna waé kudu ngumpulkeun data kalawan lengkep, nyaéta data primér jeung data sékundér. Éta sumber data ogé bisa mangrupa kekecapan dina wangun lisan atawa tinulis anu diténan ku

panalungtik nepi ka bisa meunangkeun ma'na anu nyamuni tina éta data atawa dokumén.

Dumasar kana pedaran di luhur, dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun data nyaéta paragraf dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé* anu ngandung kohési léksikal, anapon sumber data anu digunakeunna nyaéta, data primér jeung data sékundér. Data primer mangrupa wacana dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé* anu medal ti 30 Séptémber – 3 Nopémber 2021 tur ngawengku lima nomer édisi, nyaéta, 1) *Manglé* No. 2852 (2021), 2) *Manglé* No. 2853 (2021), 3) *Manglé* No. 2854 (2021), 4) *Manglé* No. 2855 (2021), jeung 5) *Manglé* No. 2856 (2021). Tina lima édisi éta téh ngawengku 28 judul wacana. Sedengkeun data sékundérna, mangrupa buku-buku tiori tur jurnal anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Anapon sumber data primér diébréhkeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1
Sumber Data Panalungtikan

No.	No. Édisi	Édisi Midang	Judul Wacana	Panulis	Kaca	Kode
1	2852	30 Sép—6 Okt 2021	“Raperda Ngungkulan Kahuruan Nengtremkeun Balaréa”	Cucu	28—29	A1
2	2852	30 Sép—6 Okt 2021	“Hari Pers Nasional 2022: PWI Ngadukung Agénda Green jeung Mitigasi Iklim”	Éép Nr.	29	A2
3	2852	30 Sép—6 Okt 2021	“Puspomal Gelar Vaksiasi jeung Ngabagi Sembako”	-	30	A3
4	2852	30 Sép—6 Okt 2021	“Bupati Bandung Ngajak KORMI Milu Ngungkulan Pandemi”	-	31	A4
5	2852	30 Sép—6 Okt 2021	“UMKM Garut Narima Sertifikat MUI”	Diskominfo	32	A5
6	2852	30 Sép—6 Okt 2021	“Diskominfo Garut Ngawanohkeun Tempat Wisata Cirorék Cilawu”	-	33	A6

No.	No. Édisi	Édisi Midang	Judul Wacana	Panulis	Kaca	Kode
7	2852	30 S�p—6 Okt 2021	“Melak Mangrove Ngajaga Basisir Tina Abrasi”	-	34	A7
8	2853	7—13 Okt 2021	“Wagub Jabar Nebar Binih Lauk di Kuningan”	Yadi	28	B1
9	2853	7—13 Okt 2021	“SSB Fajar FC Ngajawara di Traveo ASSBI Kota Bandung”	D�d�	29	B2
10	2853	7—13 Okt 2021	“Purwakarta Maheutkeun Program jeung Rancangan APBD”	Diskominfo Purwakarta	30	B3
11	2853	7—13 Okt 2021	“Pemkab Garut Narima Pangaj�n Parahita Ekapraya”	Diskominfo	31	B4
12	2853	7—13 Okt 2021	“Pemkab Bandung Narima Pangaj�n Informasi Publik”	Adv	32	B5
13	2853	7—13 Okt 2021	“Ngabebetah Pangandaran Ngabebenah Palayanan Kas�hatan”	-	33	B6
14	2854	4—20 Okt 2021	“Ngistr�nan Pangurus APIDA Jawa Barat Periode 2021-2026”	-	28—29	C1
15	2854	4—20 Okt 2021	“Pemkab Purwakarta Nyangking Pangaj�n M�dia Digital”	-	30	C2
16	2854	4—20 Okt 2021	“Genep Camat Nampa Pangaj�n PBB ti Bupati Garut”	Diskominfo	31	C3
17	2854	4—20 Okt 2021	“Promosi D�sa Wisata Ngaliwatan Aplikasi”	-	32	C4
18	2854	4—20 Okt 2021	“Daria Sauyunan Cara Ampuh Ngawangun Pangandaran”	-	33	C5
19	2855	21—27 Okt 2021	“PWI Bakal Ngayakeun Uji	��p Nr	28	D1

No.	No. Édisi	Édisi Midang	Judul Wacana	Panulis	Kaca	Kode
			Kompeténsi Mahasiswa Jurnalistik”			
20	2855	21—27 Okt 2021	“Lomba CCQ Fasi XI Jawa Barat LPPTKA BKPRMI Kab. Bandung”	-	29	D2
21	2855	21—27 Okt 2021	“Kabupatén Bandung Ngalarapkeun Kawijakan Poé Rebo Nyunda”	-	32	D3
22	2855	21—27 Okt 2021	“Pendidikan Pangandara Butuh Palayanan nu Daria”	-	33	D4
23	2856	28 Okt—3 Nop 2021	“Muka Lahan Pakasaban Ngagedurkeun Investasi”	Cucu	28—29	E1
24	2856	28 Okt—3 Nop 2021	“Pesilat Jabar Makalangan Mertahankeun Juara Umum PON XX Papua”	-	29	E2
25	2856	28 Okt—3 Nop 2021	“Bupati Purwakarta Ngistrénan Kadés Pinilih Mangsa Bakti 2021-2027”	-	30	E3
26	2856	28 Okt—3 Nop 2021	“Rarancang Standar Kompetensi Jabatan Dibuka ku Bupati Garut”	-	31	E4
27	2856	28 Okt—3 Nop 2021	“Bupati Bandung Nandeskeun Maulid Nabi Tuladeun Balaréa”	-	32	E5
28	2856	28 Okt—3 Nop 2021	“Nata Wisata Selasari ti Pangandaran keur Nasional”	-	33	E6

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2019, kc. 203).

Nita Febriyana, 2022

KOHÉSI LÉKSIKAL DINA RUBRIK “KATUMBIRI” MAJALAH MANGLÉ

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina panalungtikan kualitatif, midangkeun data bisa dilakukeun ku cara nétélakeun kalawan singget, tabél, bagan, jrrd. Pon kitu deui, dina panalungtikan kualitatif, data disusun sacara katégoris jeung kronologis, diténan kalawan gemet, jeung di-*coding* (méré kode) ka sakabéh data (Creswell, 2016, kc. 281).

Dumasar kana pedaran di luhur, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta kartu data digital. Kartu data digital disusun dina wangun tabél pikeun mantuan panalungtik dina ngumpulkeun data jeung ngolah data panalungtikan. Kartu data digital anu disusun dina ieu panalungtikan ogé disusun sacara katégoris, kronologis, jeung dibéré kode data.

Anapon kartu data digital anu digunakeun pikeun nyalin data paragraf tina majalah *Manglé* rubrik “Katumbiri” téh ébréh dina tabél 3.2 anu ngawengku nomer urut, nomer data, wujud pananda kohési léksikal tina unggal paragraf, jeung paragraf anu ngandung wujud pananda kohési léksikal tur dibéré kode data.

Tabél 3.2
Kartu Data Digital

No. Urut	No. Data	Wujud Pananda Kohési Léksikal	Paragraf
1	(001)	 (Kode data)

Keterangan :
 Kode data : (ÉM/KJ/KC/PR)
 ÉM : Édisi *Manglé* (conto: M2441)
 KJ : Kode Judul (A1, B1, C1, jst.)
 KC : Kaca (1,2,3, jst.)
 PR : Paragraf (1, 2, 3, jst.)

Sabada ngasupkeun sakabéh data nu ngandung kohési léksikal kana kartu data digital nu ébréh dina tabél 3.2, satuluyna, panalungtik milah data pananda kohési léksikal dumasar kana wandana séwang-séwangan pikeun mikanyaho jumlah pananda unggal wanda kohési léksikal. Anapon tabél pikeun milah data wujud pananda kohési léksikal téh nyaéta ébréh dina tabél 3.3 ieu di handap.

Tabél 3.3
Data Pananda Kohési Léksikal

No.	Wujud Pananda Kohési Léksikal	Wanda Kohési Léksikal	(f)

Keterangan :
f : frékwénsi

Pamungkas, pikeun mikanyaho dominansi wanda kohési léksikal, ku kituna, data anu geus dimeunangkeun tur diasupkeun kana tabél 3.3 téh diasupkeun jumlah ahirna kana tabél 3.4 anu ébréh ieu di handap.

Tabél 3.4
Dominansi Wanda Kohési Léksikal

No.	Wanda Kohési Léksikal	(Σf)

Keterangan :
f : frékwénsi

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta studi dokuméntasi. Saluyu jeung nu geus dipedar saméméhna, yén dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun jenis data *paper*. Jenis data *paper* téh dimeunangkeun tina hasil studi dokuméntasi, nu mana nurutkeun Arikunto (2019, kc. 201), yén dokuméntasi téh asalna tina kecap ‘dokumén’ nu mibanda harti barang-barang tinulis. Dina studi dokuméntasi, panalungtik bisa nalungtik barang-barang tinulis saperti buku, majalah, dokumén, notulén, jrrd. Pon kitu deui, nurutkeun Creswell (2016, kc. 256), yén majalah téh kaasup kana dokumén publik, ku kituna, panalungtik bisa sacara langsung meunangkeun data tékstual, bisa diakses iraha waé, tur minangka bukti tinulis anu bisa ngahémat waktu jeung waragad.

Dumasar kana pedaran di luhur, dina ieu panalungtikan, studi dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data paragraf anu ngandung kohési léksikal tina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*. Data dikumpulkeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) ngumpulkeun majalah *Manglé* nu ngawengku lima édisi;
- 2) maca wacana anu aya dina rubrik “Katumbiri” nu ngawengku 28 judul wacana;
- 3) nyirian wacana anu ngandung wujud pananda kohési léksikal;

- 4) nyalin data wacana kana kartu data digital;
- 5) méré kode data dumasar kana asal nyutat wacana; jeung
- 6) nyieun runtuyan data dumasar *alfabetis A-Z*.

3.5 Téknik Ngolah Data

Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 320), analisis data kualitatif téh mibanda sipat induktif, nyaéta nganalisis dumasar kana data anu geus dimeunangkeun. Analisis data dina panalungtikan kualitatif ogé dilakukeun nalika saméméh jeung sabada ngalakukeun panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun téknik analisis unsur langsung (*Immediate Constituent Analysis*), nyaéta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana (Hockett dina Sudaryat, 2014, kc. 58). Anapon léngkah-léngkah ngolah data ébréh ieu di handap.

- 1) mariksa data paragraf nu ngandung kohési léksikal dina kartu data digital;
- 2) milah data paragraf dumasar kana wujud pananda kohési léksikal (unggal wanda);
- 3) nganalisis data kohési léksikal dumasar kana wujud pananda kohési léksikal (unggal wanda) jeung dominansi wanda kohési léksikal;
- 4) ngadéskripsikeun data kohési léksikal dumasar kana wujud pananda kohési léksikal (unggal wanda);
- 5) medar hasil panalungtikan; jeung
- 6) nyieun kacindekan tina hasil analisis.